Zvemadhimoni

Muchiyero Chezvinobatika

Zvino ini . . . ? . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ino ndiyo nguva yekutanga yandati ndambozviita mune imwe yemisangano yangu kubva pandakanga ndiri mumunda wokuvhangera. Ino inguva itsva. Hama Baxter vaenda; uye—uye Hama Bosworth vari kuIndia, kana, kuAfrica; naHama Baxter, handizivi kuti vari kupi. Vaenda kune imwe nzvimbo, uye nevamwe vose vabuda vakaenda. Zvino Billy neni tiri pano tega, saka tiri kungova nenguva yakanaka: kungomuka, kuuraya nekudya. Saka, isu—isu tinonzwa sekuti pamwe tinokwanisa, nerubatsiro rwaShe, taigona kuenderera mberi nemusangano, isu pachedu. Ndicho chikonzero ndiri kufara kuona uchienderera mberi zvishoma, nekuda kwechikonzero chimwe chete ichocho. Ndinotenda kuti Ishe vachatibatsira kuzviita. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvino, munoziva pane . . .

Ndinoda mamaneja angu. Ndine dzimwe hama dzakanaka, Bosworth, Baxter, Lindsay, Moore, vose, ndine vashanu vavo, Baron von Blomberg. Varume vakangoisvonaka kwazvo. Asi panongori nechimwe chinhu pakuti, paunounza boka revarume pamwe chete, mumwe ane chinhu chimwe chete, mumwe ane chimwewo. Dzimwe nguva zvinopesana nezvandinofunga pachangu. Saka ndi—ndi—ndiri kunzwa kuti ndakangosununguka zvino. Tinogona kuva nenguva huru, tongopeta maoko ehanzu dzedu, uye tosvetukira mukati zvino todya. Ndinofunga nezvekupeta maoko ako ehanzu yako uye nekuva ne—nenguva huru.

Bhaibheri rangu rekutanga raiva zvisikwa. Ndakadzidza Mwari kuburikidza nezvisikwa. Uye ndinofarira kuredza. Ndinoda kwazvo kuredza! Zvino iwe unofarira kuredza here, kakomana? Kana uchifarira kuredza, uye uchida mai vako, uchaita mukomana akanaka. Uye kunyange kutendeuka kwangu hakuna kuzvibvisa zvose mandiri. Saka rimwe zuva ndainge ndiri kumusoro kumakomo, ndichingoredza. Zvino, izvi ndezvekungobatsira kamukomana kaduku aka. Zvino ndairedza ndiri kumusoro uko kumakomo . . . Uye nekuitirawo zvekare vamwe vana vadiki, hongu, vakagara muno. Zvino ndairedza hove yemuraraungu. Uye, oo, zvinofadza kwazvo munguva yepfumvudza. Ini ndinongoenda saizvozvo, uye pakanga paine hove yemuraraungu yaitongova mugomba raitevera, munoziva, saizvozvo. Uye ndaingorumbidza Ishe nekungova nenguva yakanaka, ndichidanidzira. Dzimwe nguva, ndodonhedza chirauro changu pasi. Ndinotenda mukudanidzira. Ameni.

Chokwadi ndinodaro. Nokuti, ndinoziva chimwe chinhu chinondibata, uye chinongoita chimwe chinhu kwandiri.

2 Saka ndakanga ndatoti endei kwenguva mangwanani iwayo, zvino pandakadzoka, chinhu chinonyanyoshamisa: Kune zvitsere zvakawanda munyika kumusoro ikoko, muNew Hampshire. Ndine kamusasa kaduku kumusoro ikoko, kwandinoraura hove. Ndaiva nekatende kaduku kekare kakamira, katende kekare kadiki kandaigara makari. Zvino chitsere chitema ndicho chinhu chine misikanzwa yakanyanyisa chiripo. Saka, mai chitsere vakare uye netuvana tuduku vakange vapinda mukati imomo, zvino zvakange zvaparadza-paradza tende rangu!

3 Zvino, unofunga kuti ini ndaifanira kunge ndakaitei kune chitsere ichocho, musikana muduku uri kumashure uko une bvudzi dzvuku, kumashure uko? Ini ndinofanira kunge ndakachiendera chaizvoizvo, handizvo here?

4 Asi hezvino zvachakaita. Chakapinda, chikabvarurira tende rangu pasi uye chikaparadzira zvinhu zvose panze, uye ndokudya chikafu changu chose chandaiva nacho imomo, uye chakange chichingoitirwa zvakanaka. Saka pandakauyapo, hecho chakabva chaenda. Zvino chakachema chichiita ruzha kune vana vacho, zvino kamwe kamwana kakabva katiza pamwe nacho. Uye kamwe kacho hakana kuda kutiza; kakaramba kakagara ipapo. Kakange kakapira musana wako kwandiri, sezvizvi, uye kakange kachiita chimwe chinhu. Zvino ndaive ndisina chimwe chinhu muruoko rwangu kunze kwekademo kaduku kemuruwoko. Ini ndakanga ndichitema-tema zvimiti zvemu elder zasi ikoko. Zvakanaka, chakatizira sezvakada kuita, oo, ndinofungidzira kubango iro renhare kunze uko, zvino ndokukagara pasi. Chakachema chichidaidzira kune kachitsere kaduku aka, zvino iko hakana kana kutomboita hanyn'a kwachiri. Kakangoramba kakagara ipapo.

5 Ini ndakafunga, "Kamuchinda kaduku aka kari kumboitei?" Ndakafamba ndichiti swederei pedyo. Ndaitya kuswedera zvakanyanyisa pedyo, ndaitya kuti amai vaizondimara. Saka—saka ini—ini handina kuona muti, ini ndinoziva kuti chaigona kukwirawo zvekare. Saka, zvino ini ndakanga ndisingade kuswedera pedyo zvakanyanyisa nacho, nokuti ndinoziva hunhu hwechitsere. Saka, ndakaswedera pedyo zvishoma. Zvino munoziva kuti chii chakaitika?

6 Zvino, ini ndinofarira mapanikeke. Vangani venyu imi vakomana vanofarira mapanikeke? Oo, vakomana! Oo, ini . . . Vakomana vakura, nemiwo. Ndavaona vachiisa maoko avo mudenga. Tose tinofarira mapanikeke, uye ini ndinongoada, zvino ndinofarira kudira huchi paari. Zvandiri muBaptisti, munoziva, ndizvo zvinotiita kuti tirambe takaswatanuka, munoziva, ihuchi, munoziva. Saka,

uye teererai, ini handiasasire, ndinonyatsoabhabhatidza. Ndinonyatsohudururа zvakanyatsonakisa uye zvakasimba. Ini handingosasira twushoma apa neapo. Ndinonyatsohudururira paari, ndoita kuti ose anyatsozara nehuchi.

7 Uye zvino, munoziva, ndaiva nechigaba chehuchi kumusoro ikoko, chigaba chaive hafu yegarani chehuchi. Zvino zvitsere zvinofarira kwazvo huchi. Saka kamuchinda kadiki aka kakange kapinda imomo ndokubvisa chivharo kubva pachigaba chehuchi, zvino kakange kagere ipapo seizvi, kaine chigaba chidiki ichi chehuchi pasi peruoko rwako, se*zvizvi*. Kakawana-. . . Zvino iko kakange kasingazive kuti kanohudya sei, sezvaungaita iwe, munoziva, saka kakangonyudza katsoka kako imomo uye ndokuhunanzva sai*zvozvo,* ndokuhunanzva. Zvino kakatendeuka kuti katarise kwandiri, zvino twumaziso twako twuduku twakare twakange twakanamira pamwe chete twose, dumbu rako diki ranga rakati tsvete-tsvete zvachose, nehuchi. Kakange kakangogara ipapo, kachipinza ruoko rwako zasi uye kachinanzva huchi, sai*zvozvo*, nekungokwanisa kwose kwakaigona kunanzva.

8 Oo, ini zvangu, ndakafunga nezvemusangano wakanaka wenguva yakare weMweya Mutsvene, apo tinenge tangovhura chigaba ichi, todzikisa ruoko rwedu pasi mujagi tobva tananzva hedu. Tongoenderera mberi, munoziva, tichingonanzva.

9 Zvino munoziva kuti chaisetsa chii, zvakadaro? Mushure mekunge kamuchinda aka kawana hwakawanda sezvakaikwanisa, kakaregedzera chigaba pasi uye ndokutizira kunze uko. Munoziva kuti chii chakaitika? Amai chitsere uye nekamwe kachitsere kadiki vakatanga kukananzva, naizvozvo vachibvisa huchi.

10 Saka, zvakanaka, pamwe musangano wedu uchange wakaita sechinhu chakada kudaro, ndinotarisira kudaro, kuti tizogona kungoramba tichiudza vamwe, uye kubwinya kwaMwari kuchiwira pamusoro pedu. Zvakanaka.

11 Ndinofara kuona imi vana vadiki mabuda. Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu chakada kudaro. Uye zvimwe mangwana masikati, tiine nguva yakawanda, uye—uye tinogona kuti taurei zvimwezve zvishoma. Zvino tichatuara nababa naamai zvino pamusoro pechimwe chinhu.

12 Tichataura pamusoro pe*Zvemadhimoni*. Muna Mapisarema 103:1 kusvika 3, tinoverenga ndima idzi. Potse wese mushumiri nemufundisi, kana muverengi weBhaibheri, anodziziva nemwoyo.

> *Rumbidza JEHOVA,* o *mweya wangu:* uye *zvose zviri mukati mangu, ngazvirumbidze zita rake dzvene.*
>
> *Rumbidza JEHOVA,* o *mweya wangu,* uye *urege kukanganwa makomborero ake:*

Iye unokanganwira kusarurama kwako kwose*; anoporesa kurwara kwako kwose;*

13 Ndinoda kuti mucherechedze ipapo, kuti zvanzi "kwose." "Anokanganwira kusarurama kwako kwose, Anoporesa kurwara kwako kwose." Zvino tingakotamisa misoro yedu here kwekanguva.

14 Zvino, Baba voKudenga, tinokutendai Imi masikati ano, nekuva kunze kuno. TinoKutendai nokuda kwevana vadiki ava vakagara kwakapoteredza, ndivo varume vemangwana, pamwe nemadzimai, kana kuine ramangwana, kana Jesu akanonoka kudzoka. Uye zvino, Baba, tinonamata kuti—kuti Imi mutiropafadze iko zvino patava kutaura zvino nezveShoko reNyu, uye nepamusoro pemuvengi mukuru watiinaye, Satani. Tinonamata, Mwari, kuti mutitendere kutungamidza boka remauto mberi, rine michina yehondo pano, simba raMwari, richamisidzana naye manheru anhasi painchi yoga-yoga yenzvimbo yake, Ishe, nokumuratidza kuti haana kana kodzero yepamutemo zvachose, nokuti Kristu akamukunda kare panzvimbo yedu ipapo paKarivhari, paAkafa, uye Iye akaparadza vabati vemasimba ndokubvutira Satani simba rose—rose raakanga ainaro. Uye, Mwari, tipei huchenjeri nekunzwisisa zvino, kuti tizive uye nekutsanangura kuvanhu kuti vangaziva sei kuti vanopora sei uye nekukunda Satani. MuZita ra Jesu tinonamata. Ameni.

15 Zvino kwemaminetsi mashoma tichataura ne*Zvemadhimoni*. Unonzwa zvakawanda pamusoro pemadhimoni. Zvino, mangwana masikati tinogona kuzopedzisa. Ini ndaida mazuva maviri esvondo rino, zvakadaro, kuparidza pane izvi, chete . . . kana kuti mazuva maviri eshumiro dzemasikati, kutaura pane izvozvi.

16 Zvino, chinhu chekutanga, kuti dhimoni chii. Unonzwa vanhu vakawanda vachitaura pamusoro pedhimoni. Zvakanaka, zvino, "dhimoni, dhiyabhore," zvose zvinobva pashoko rimwe chete, uye muChirungu rinonzi "mutambudzi." Munhu anotambudza ndidhiyabhore, wakaipa. Iye anoti . . . Zvino, iro Bhaibheri nhasi ndiro, kune vakawanda, kuvanhu vazhinji, ibhuku dzaru rechinyakare raiverengwa nasekuru naambuya, kana zvimwe zvakadaro. "Hapana zvakawanda pariri, nderevanhu vachembera, nevamwe vakadaro." Asi handizvo izvozvo. Ndere munhu wese. Zvino madhimoni vatambudzi vanotitambudza.

17 Zvino, pane madhimoni anopinda mumunhu wemukati wemunhu, uye zvinova, pamataurirwo azvo, anenge ari—anenge ari mune . . . Ndingataure izvi, ndichidaro, dhimoni rinopinda mumunhu wemukati ndechimwe chinhu chinotambudza munhu wemukati.

18 Nguva zhinji unogona kuona munhu pamwe anenge achipenga. Zvino, pamwe anogona kunge ari munhu akatendeuka, akazadzwa neMweya Mutsvene, asi achitonyatsopenga chaizvo. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Izvozvo hazvinei nechekuita nemunhu wemukati. Mutambudzi, munoona, chimwe chinhu chinovatambudza.

19 Zvino, hurwere hwese, tinofanira kuona kutanga kuti hurwere hwose hwakabva kuna dhiyabhore. Mwari havasi muvambi wehurwere. Hapana hurwere hunobva kuna Mwari. Mwari dzimwe nguva vanotendera Satani kuti aise chirwere pauri, seshamhu yekukudzosa kuimba yaMwari, kana usina kuteerera. Asi hurwere, pakutanga kwahwo, hwakabva kuna dhiyabhore. Ungazvifungidzira here kuti munhu angatenda kuti Mwari, Baba vedu veKudenga, vangava muvambi wechinhu chakadaro sehurwere nerufu? Zvakanaka, kwete, Havasi, havana kumbobvira vari, kana kutozombove. Mwari vanotendera rufu nokuda kwokusateerera. Mwari vanotendera rufu. Semumwe munyori akati, "Izvo bedzi zvingaitwe nerufu, Mwari vakarwusungirira pangoro zvino rwunotidhonzera muHupo hwaMwari, mutendi." Asi shoko rokuti *rufu* zvinoreva "kupatsanurwa."

20 Jesu akati, "Uyo anonzwa maShoko aNgu uye achitenda kuna Iye akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi." Zvino Iye akati, "Ndini rumuko, Hupenyu, uyo anotenda maNdiri, kunyangwe akafa, achararama, zvino ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haangazofi." Zvino tinotakura mitumbi yemumwe-nemumwe wedu kuenda kunzvimbo isina vamwe yeguva redu. "Asi iye haangafi."

21 Zvino ukatarisa paAkataura nezvaRazaro, Akati, "Razaro avete."

22 Vadzidzi, varume vakaita sesu, vakati, "Oo, kana avete anoita zvakanaka." "Aireva kutora zororo," ndizvo zvavaifunga.

23 Asi Iye akauya ndokutaura navo nemutauro wavo. Akati, "'Afa,' zviri zvamunotenda. Asi," ndokuti, "Ndichaenda kunomumutsa, kumumutsa." Maona? Maona? Paunenge uri . . .

24 *Rufu* zvinoreva "kupatsanura." Zvino, kana mumwe wenyu achifanira, mumwe wemhuri yenyu ofa, kana chimwe chinhu, ari, kana akatendeuka, haana kufa. Akafa pakuonekwa kwazvo pavanhu. Asi angopatsanurwa kubva kwatiri, asi ari Muhupo hwaMwari. Haana kufa, uye haagone kufa, hazvikwanisike kuti afe. Jesu akati, "Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye otenda kune Uyo akaNdituma ane Hupenyu husingaperi, uye haangapindi mukutongwa, asi apfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu." Saka, haagone kufa. Chipi zvacho chisingafi, Chisina magumo, hachiparari. Hupenyu husingagone kuparara. AnaHwo nokuti Mwari vakaHupa kwaari. Uye kwete—kwete nekuzvikodzera; zvine . . . Hazvina zvirango. Mwari vanoHupa kwaari.

25 Mwari vanodana. Hakuna munhu anokwanisa kuuya kuna Mwari kunze kwekunge Mwari vamudaidza. Jesu akati, "Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba Vangu vamudaidza, vamukweva." Ndizvo? Saka ndiMwari ari mune zvose. Pamwe mangwana masikati tichawana zvakati wandei zvishoma pamusoro paizvozvo, nokuti ndinoda kuunza chinhu ichi *chehurwere*, kwamuri, kuti muzvione izvozvo.

26 Pane imwe nguva apo patakava chizenga muna baba vasekuru vedu. Munozviziva izvozvo. Chiremba anozviziva izvozvo. Zvakanaka, munoziva, zvekare, imi vaverengi veBhaibheri. Munoziva kuti chizenga chehupemyu chakatangira muna baba vasekuru venyu, pakuva chizenga, uye chikauya kuburikidza nemuna sekuru vako, zvino ndokupinda muna baba vako, zvino muna mai vako zvino ndokusvika pauri zvino. Ndizvozvo chaizvo. Gwaro rinotozvidzidzisa izvozvo. Herino Gwaro iri kwamuri kana muchida. Ndinotenda kuti rakati Revi akabhadhara chegumi paakanga ari muchiuno chaAbrahama, aiva baba vasekuru vake. Ndizvo? Saka, munoona, chizenga chakavepo kumashure uko.

27 Asi munhu wenyu wemukati akagadzirwa kare nheyo yenyika isati yateyiwa, apo Mwari pavakasika munhu ari mumufananidzo waVo pachaVo; munhu wemweya; kwete munhu*nje* ari muMufananidzo waVo pachaVo, asi *munhu* ari muMufananidzo waVo pachaVo. Maona? Uye zvadaro Akavaita munhurume nemunhukadzi, vasati Vambova nemunhu muguruva renyika. Ndinoshuva kuti dai tanga tine mukana masikati ano, totora nguva yedu uye todzokera mune izvozvo. Tongoona kuti sei Mwari . . . Zvino, zviri pakati pemutsara, asi, kana waona, zvinonyatsouya pamwe nemutsara. Maona? Zvokuti Mwari, kare kumavambo, zvaAkaita ikoko, uye kuti Akafamba sei achidzika panyika uye kuti Akagadzira sei munhu nomufananidzo waKe; uye zvino Mwari vakatendeuka vakagadzirwa mumufananidzo wemunhu, kuti vadzikinure munhu.

28 Zvino, Mwari pavakagadzira munhu nomufananidzo waVo, aiva munhu wemweya. Uye ipapo pakanga pasina munhu airima ivhu. Zvino Iye akasika munhu kubva muguruva renyika. Zvino, vanotsvagurudza nhoroondo yenguva, nevamwe vakadaro, nevanhu ava vanotsvagurudza uye vachitora mapfupa akare, nezvimwe zvakadaro, uye vachitenda mune zveshanduko yechimiro chezvisikwa mukufamba kwenguva . . . Ndinotenda mune zveshanduko yemhando chaiyo. Munhu anongobva maari pachake, asi zvose hazvibvi pachizenga chimwe chete. Kwete, changamire, nokuti sh—shiri yagara iri shiri kubva Mwari pavakaiita shiri, uye tsoko yagara iri tsoko, munhu agara ari munhu. Ndizvozvo chaizvo.

29 Zvino, ndaitaura nachiremba pano nguva yati pfuurei, kuLouisville. Akati, "Nhai, Mufundisi Branham!" Ini

ndaitaura pamusoro pemarudzi emuAfrica, kuti vanodya sei, vanongodzika zasi ikoko . . . Oo, zvimwe zvezvinhu zvakashatisisa zvausati wamboona, kuti vanozvidya sei! Vanongonhonga zvinhu zvine utachiona, honye mazviri, vanongodzizunza-zunza, honye uye nezvose. Hazvina mutsauko wazvinoita kwaari. Maona? Vakati . . . Vanonwa chero hacho, hazvina musiyano kuti chinombori chii. Iye akati, "Asi, Mufundisi Branham, vanhu ivavo havasi vanhu."

Ndakati, "Oo, hongu, vatori. Ivo chokwadi vanhu."

30 Ndikati, "Chinhu chiri pedyosa nemunhu, pamuhwezva wemhuka, chimupanzi. Uye makamboedza kwamakore zviuru zvina kuti muwane izwi repasi-pasi rimwe chete kubva pachimupanzi ichocho, uye hachigone kuzviita," ndakati, "nokuti hachigone kufunga. Hachina chinhu chokufunga nacho." Oo, unogona kuchidzidzisa zvinhu zvidiki sezvaungaita bhiza, enda kurudyi kana kumira, kana kupfeka magirazi, kana kuputa fodya, kana kuti chizvienzanise zvakanaka chiri pabhasikoro, kutasva bhiza, kana chimwe chinhu chakadaro, asi zvakafanana nekuti "enda kurudyi" kana "mira" kune bhiza, kana kuti "n'cin'ci" kune imbwa, kana chimwe chinhu chakadaro. Ndikati, "Iyo imhuka."

31 "Asi chingondiregedzai ndidzokere kuAfrica, kune rudzi rwunonyanyisa kugara musango ikoko, zvino ndirwo rudzi rwudiki rwemabushman." Zvino ndikati, "Pamwe baba vababa-vababa-vababa-vasekuru vake havana kumbobvira vakaona munhu muchena kana zvachose. Chinhu choga chaanoziva, haatombozivi kuti ruoko rworudyi kana ruboshwe nderwupi. Chinhu choga chaanoziva kudya, uye anongodya zvaanogona kuwana mumaoko ake, kana iri nyama yemunhu, chero chimwe hacho, hazvina mutsauko wazvinoita kwaari, chero angodya. Asi regai ndimutore aine makore mashanu, uye pamakore gumi nemashanu anozotaura Chirungu chakanaka uye ava nedzidzo yakanaka. Sei? Ane munhu womukati. Mwari vakamuita munhu, ane kodzero yakangofanana yokunzwa Evhangeri, kana kamwe chete hako, seyatiinayo yekuparidza kwese muno, kwese muAmerica, kuvanhu, nguva nenguva uye nenguva, uye tichigombedzera, tichinyengetedza uye nezvimwe zvose. Regai arinzwe imwe nguva, zvino womutarisa achidanidzira uye achimhanyira kuaritari nekukurumidza." Maona? Hongu, changamire!

32 Ndizvo zviri mwoyo wangu, hama, nhasi uno, kana ndikafunga Africa, uye maoko madiki matema anonzwisa urombo akasimudzwa, achiti, "Hama Branham, pamhidzai zvakare nezvaJesu!" Oo, nhai veduwee! Pane chimwe chinhu mandiri chinochera pamwe nekupisa. Nokukasika pandinenge ndangowanira mari yakakwana, ini ndichasvikako, zvekare. Ndizvo zvandinoita nekobiri rese randinowana, zvose, Mwari vanoziva, kunze kwezvandinogona kungodya. Uye

vanhu vazhinji vanondipa mbatya dzangu. Uye bedzi neizvo zvandinongogona kurarama nazvo, pachangu, nepandinogona napo pose, ndinobva ndaikandira kuhomwe yemishinari iyo yakarongwa nehurumende. Handitombobhadhare mutero pairi. Kuti isvike zviuru zvitatu kana zvina, zvishanu zvemadhora, uye ndinoenda nayo mhiri ikoko ndoparidza Evhangeri kuvanhu vandinoziva kuti nezuva iroro ndinofanirwa kuzvipindurira. Uye ini ndichaziva zvandichapindurira.

33 Ndaimboti, pandaipinda muguta, ndaiita musangano mukuru kareko pavaive vane mari yakawanda, vaine misangano yakakura uye nezviuru zvakawanda zvemadhora, ndaiipa kuRed Cross nevamwe vakadaro. Zvino, zvinoka, kwete kuvashora, asi vachidzika nemugwagwa vari mumotokari inoita zviuru zvina zvemadhora, iine madhaimani makuru akabairirwa pairi, vachiputa mudzanga, uye mazana mashanu emadhora pasvondo pamari iyo vanorwara vanh-. . . Kwete, changamire! Kwete, zvachose! Zvino pane ivavo, uchingobuda chete muguta, vaiti, "vaumburuki vatsvene," nezvimwe zvose zvakadaro, uye vachiita dambe, uye nekuzvidza chinamato chatiri kumiririra. Kwete, changamire!

34 Ini ndinoitora pachangu, uye pamberi paMwari seMutongi wangu, ini ndinoiisa mubasa reEvhangeri uko, saka ini ndinoziva kuti neZuva iroro kuti ndicha . . . apo ndinozofanira kudairira hutariri hwangu, hunopihwa zvakanaka. Ndizvozvo chaizvo, nokuti ndinocherechedza kuti mabatiro andiri kuita vanhu ndiwo mabatiro andiri kungoita Mwari. Maonero angu kwauri ndiwo maonero angu kuna Kristu. Uye maonero ako kwandiri ndicho chinhu chimwe chete, ndizvozvo, kuna Kristu.

35 Zvino, kuona vanhu vakadaro, uye kuona kuti munhu wenyama, ipapo, aine mweya usingafe zvino, usingagone kufa, haugone kuparara, hapana zvaangaite asi kuva neHupenyu husingaperi, uhwo Mwari mukutonga kwake, mukuda kwaKe pachaKe, akahupa kwauri. Uye zvino, ipapo, zvino ini . . .

36 Regai ndigadzirise izvi zvishoma, kana kutaura chimwe chinhu. Mumwe munhu achaenda uye obva ati, "Hama Branham muCalvinisti." Kwete, ini handisi. Ini ndiri muCalvinisti kana bedzi chiCalvinisti chiri muBhaibheri. Asi kana chiCalvinisti chabuda muBhaibheri, ipapo ndiri muArminiani, munoona. Ndinotenda muhutsvene uye ndinotenda muchiCalvinisti, zvekare. Asi, vose vari vaviri, zvino mumwe anomhanya achienda nebazi ne*iyi* nzira, uye mumwe omhanya nebazi ndokuenda nenzira *iyo*. Dai rakanga risiri Bhuku rava Efeso, kuzvidzosa uye nokuzviisa panzvimbo chaiyo apo Mwari akazviisa, tose tingadai takavhiringika. Asi vose vari vaviri vane dzidziso, asi vanosaruka pairi, mumwe nemumwe, ivo vehutsvene nemaCalvinisti, zvakare, maArminiani. Zvino, maCalvinisti vane chimwe chinhu chechokwadi. Ndinozvitenda izvozvo, kuti dzidziso yechiCalvinisti . . .

37 Ndinotenda izvi. Mukuchengetedzwa, ndinotenda kuti Chechi ine Chengetedzo yeKusingaperi. Chero muverengi wose weBhaibheri anozviziva izvozvo, nokuti Mwari vakatozvitaura kare kuti Ichazooneka mberi uko isina chipomerwa. Ndizvozvo? Zvino, Ichange iriko. Ndizvo here? Bha-. . . Chechi yakachengetedzwa Nekusingaperi. Zvino, uri muChechi here, ndicho chinhu chinotevera. Kana uri muchechi, zvakanaka, wakachengetedzwa pamwe neChechi, asi ngwarira kuti ugare uri muChechi. Uye unopinda sei muChechi? Nekukwazisana mawoko? Kwete. Nokuisa zita rako mubhuku? Kwete, changamire. "Nomweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete." Uye Mutumbi iwoyo, Mwari vakautonga paKarivari, waiva Mutumbi waJesu Kristu, uye takabhabhatidzwa muMutumbi iwoyo neMweya mumwe chete. Tine Chengetedzo yeKusingaperi chero bedzi isu tiri muMutumbi waKristu, hapana chinhu chinogona kutipatsanura, hapana chinhu chinogona kutibata. Kana ukabuda, unenge uchitobuda nekuda kwako. Asi sezvazvingori chokwadi, kana uri muMutumbi waKristu, chokwadi sekumuka kwakaita Jesu kubva kuvakafa, uchamukawo zvekare. Mwari vakatozviita kare izvozvo. Iye. . .

38 Haugone kuita chivi. Oo, unodaro. . . Ndinogona kuva mutadzi mumeso ako, asi kana ndiri muna Kristu, Mwari havazvioni, nokuti zvivi zvake zvinoyananisa. . . Ropa raKe rinoyananisira zvivi zvangu ipapo. Maona? Ini handigone kutadza. "Uyo akaberekwa naMwari haaite chivi, nokuti haagone kutadza. Mbeu yaMwari inogara maari." Maona? Iye, anotoda, kana akakanganisa, chokwadi, iye anotoda kureurura pakare ipapo. Kana ari Mukristu wechokwadi, anozviita. Kana akasazvireurura, anoratidza kuti haana chaainacho, kubva pakutanga. Ndizvozvo chaizvo. Haana chaainacho, kubva pakutanga. Asi kana ari Mukristu chaiye. . .

39 Ipo pano, ukadyara tsanga yegorosi muvhu, inongoramba iri tsanga yegorosi. Chaguduma chinogona kunge chaikomberedza, uye nezvimwe zvose, asi inongoramba iri tsanga yegorosi kana ichinge yakamira bedzi. Ndizvozvo? Zvino kana munhu achinge akanyatsobarwa neMweya waMwari, haati apinda abuda, uye adzoka aenda, uye kunze uko munyika nekunze kuno. Kwete, changamire. Kwete, kwete. Hausi chaguduma rimwe zuva uye tsanga yegorosi zuva rinotevera. Mwari havana zvakadaro mumunda. Hongu, changamire. Kana wakaberekwa noMweya waMwari, uri Mukristu kubva panguva iyoyo kusvikira. . . kusvikira waenda, zvino uri—uri munhu asingafe, pamwe naMwari. Ndizvozvo, kana uri muChechi.

40 Zvino, zvino ngatitaurei nezverutivi rwerufu. Zvino, ko munhu ari mumamiriro akadaro, muchinhano chakadaro, angarwara sei? Nokuti mutumbi wako hausati wadzikinurwa. Mutumbi wako hauna kudzikinurwa. Zvisinei nokuti

wakanyanya zvakadini, wakanaka sei, kuti une hutsvene hwakadini, uye uri mutsvene sei, uye une Mweya Mutsvene wakawanda zvakadii, zvingori zvemunhu womukati bedzi. Zvino munhu wako wemukati haasati akwaniswa nazvino. Unongori neRopafadzo, vimbiso yaMwari, runova rubatso rweruponeso rwedu. Asi zvino kana tisina rubatso rwekumuka kwedu, pasina kupodza kwaMwari, zvino ipapo ndinenge ndisina ruvimbo kana chimwe chinhu chinondiratidza kuti kune rumuko.

41 Zvakangofanana sokunge Kristu asingagari mumwoyo mangu, kana ini ndichafanirwa kuzvitorera kubva pane imwe mhando ye—yechinhu chepfungwa seri uko, ndichifanira kuti nditende hamenowo zvakadaro, saka, ipapo ini—ini—ini ndaizozviti pokanei. Uye ndicho chikonzero, uko muAfrica, pavanouya, hepano ndokuuya mamishinari ipapo, vachiunza zviuru zvevagari vemo, uye vaive vakatakura tumipunzo tudiki twakare twevhu uye nezvimwe zvese, nechikonzero chekuti ivo vaive vakangonzwa divi repfungwa rezveBhaibheri. Ndizvozvo chaizvo. Uye kereke yangu pachangu iBaptisti, Methodisti, Presbyteriani, vese vakapinda imomo. Asi pavakaona simba raMwari richiuya mukuratidzwa, zvakabva zvatopedza nyaya yacho, vakabva vaziva ipapo kuti Mwari ndiMwari.

42 Asi, zvino, chii chinotangisa chirwere ichi? Zvino, chinhu chekutanga, unenge uri mweya usati wava chirwere, zvakangofanana nezvawaive uri mweya usati wave munhu. Zvino ndichatora Hama Willett pano semuenzaniso. Hama Willett, ini . . . Pane imwe nguva apo imi neni takanga tisiri chinhu. Uye ipapo chinhu chekutanga, Mwari vakatipa hupenyu. Zvino ngatitorei, kuti, kana ndikatora zviri mutumbi wenyu masikati ano, makagadzirwa nechibutwa chezvizenga, zvakabatanidzwa pamwe chete nemaatomu. Uye zvino, rimwe zuva maatomu iwawo achaparadzwa, kana Jesu akanonoka. Muchadzokera. Achava sezvaakanga ari pakutanga, anodzokera mumhepo. Asi kana mweya wenyu wadzoka, maatomu iwayo achaungana pamwe chete zvekare pamwe nemweya uyu uye ounza mumwezve Hama Willett vakangoita seuya, kunze kwekungova mudiki zvishoma, paye pavakanga vari vakanakisisa.

43 Kana munhu akapfuura makore angangoita makumi maviri nemashanu okuberekwa, anowana kuunyana kushoma pasi pemaziso ake, uye nerimwe vhudzi jena richitanga kuuya. Zvichatovezvo, nokuti rufu rwuri kukutevera. Zvino rimwe remazuva ano rwuchakutora. Hazvinei nokuti uri ani, rwuchakutora. Asi zvishoma nezvishoma . . . Unombopinda mukona pano apa, zvino Mwari vachakubuditsa mukona iyoyo, zvino wobva wapinda mukona iyi pano *apa*, rufu rwunopotsa rwakuwana, uye neche apa, asi mushure mechinguva rwuchakuwana. Asi ipapo, rufu zvarwunogona

kuita, rwunonyatsosvika panhongonya yarwo, uye ipapo pane . . . kana rwapedza kuita zvose zvarwunogona kuita . . . Mwari pavakakupa hupenyu huno, uye iwe wanga uri panguva yako yawakanakisa, pamakore angangoita makumi maviri nematatu, paunouya murumuko unodzoka chaizvo sezvawakanga uri pawakanga uine makore makumi maviri nematatu okuberekwa, makumi maviri nemashanu, rufu rwusati rwapinda. Rufu rwunowana zvose zvarwunogona kuita. Rwunogara imomo, asi iwe unodzokera chaiko kuve sezvawaiva.

44 Zvino, kana chimwe nechimwe che—chezvizenga zvako zviri mumutumbi wako, ngatimbodzikai nazvo, wakauya chizenga pane chimwe chizenga, chizenga pane chimwe chizenga, zvino wozviisa zvakaparadzana pano papuratifomu, mushure mechimwe nechimwe chezvizenga zviri mumutumbi wako, uchadzika zasi kusvika kune kachizenga kadiki-diki uko kwawakatangira, hakakwanise kuonekwa neziso renyama. Unotofanira kutarisa nepasi pemagirazi anokudza zvinhu. Ndakaona chizenga chehupenyu nepasi pemuchina unokudza zvinhu. Chinotaridzika sekunge kashinda kadiki-diki. Zvino chinhu chekutanga chinotangira chaimo mumusana, chinoita kunge kapfundo kadiki. Ndicho chizenga chekutanga chidiki chinoungana pamusoro pechimwe chizenga.

45 Zvino, kana ndaitora chizenga chidiki chimwe chete ichocho uko kwakabva mumwe nemumwe wenyu kwachiri, chizenga chimwe chete chidiki-diki, chizenga cheupenyu . . . Chii chinonzi chizenga cheupenyu? Chizenga cheupenyu kanhu kuduku, kadukusa pane zvizenga zvose. Zvakanaka, chii chinotevera izvozvo? Zvino, ndakupatsanura zvichidzika kubva pachidimbu choga-choga chako, zvichidzika kusvika pachizenga chimwe chete chidiki ichi, uye handisati ndakuwana pauri nazvino. Ndingori nezvizenga zvako zvakawaridzwa. Zvakanaka, zvino, chinhu chinotevera, zvizenga zveropa, nezvizenga zvenyama, uye nechero zvazviri, tichizviradzika zvose kunze kuno, asi handisati ndakuwana nazvino. Zvino, ndadzika kusvika pane chizenga chichimwe chete zvino. Zvakanaka, ndichatsemura-tsemura kachizenga kadiki. Zvino, uripi? Hupenyu hwako. Uye hupenyu hunogadzira chizenga chokutanga, chinova chizenga cheupenyu, ipapo zvinhu zvose zviri maererano nehunhu hwacho; imbwa seimbwa, shiri seshiri, munhu semunhu. Zvizenga zvichigadzirwa, chizenga pane chimwe chizenga, chizenga pane chimwe chizenga, kusvikira zvasvika pauri zvino, munhu, kugadzirwa kwezvizenga. Zvino, izvozvo zvakagadzwa naMwari kuti zvinge zvakadaro.

46 Asi, zvino, ko toti kudii nekenza? Ngatitaurei nezvake zvishoma. Zvino, Mwari vakakupa hupenyu hwako. Uye toti, uri pano nhasi, ini ndiri pano, hapana—hapana chinhu paruoko rwangu, asi panogona kuzova nekenza paruoko rwangu pane imwe nguva. Zvakanaka, ko kenza iyi yakasvika

sei ipapo? Ngationei kuti kenza iyi yakaita sei, iko zvino ngatimutsemure-tsemure, handei tinomutora. Zvino, angori chitsamha chezvizenga, zvekare. Maimbozviziva here izvozvo? Bundu, tsanga yemuziso, chero chimwe chezvinhu izvi zvizenga. Hazvina chimiro. Zvimwe zvacho zvinopararira zvichibuda kunze, uye zvimwe zvinotaridzika sokunge buwebuwe, nezvimwe zvinotaridzika . . . ine mitsara, kenza tsvuku, yakangoita sokunge shinda tsvuku dzakareba dzinenge dzichipinda nemukati mune . . . Uye zvino pane kenza yakaita seruva rerozi inowanzouya pazamu remudzimai, yakaita sokunge mapanikeke akarara rimwe pane rimwe, zvino ipapo anobuda achipararira kunze. Uye iwo anongokura chero papi zvapo.

47 Dzimwe nguva mapundu anenge akatsveyama, *kudai*, akareba, akarebenuka, nezvimwe zvose. Haana chimiro, nokuti anofanana nemweya usina chimiro. Asi kugadzirwa kwezizenga. Chitsamha chezvizenga, toti, mauri iko zvino mune bundu kana kuti ikenza, iri kugadzira zvizenga, iri kukura, ichikura, ichikura. Iri kudya, ichisveta hupenyu hwako kubva mauri. Iri kurarama nekufambiswa kweropa. Tsanga dzinotora dzihwa remuziso zvino yokura iri pamusoro paro, yozvifukidza, yobva yavhara maziso ako. Mamwe acho anouya uye otadza kuwana . . . zvakaita seTB, inouya ingori hutachiona hudiki. Hazvinei nekukura kwacho. Chizenga chakakura zvimwe chetezvo nechinogadzira nzou, ndicho chinogadzirawo kachi—kachikwekwe. Maona? Hazvinei nekukura kwechizenga.

48 Zvino mamwe acho anotora chimiro chemutumbi, mamwe haatombodaro. Uye mamwe haatombopindi muzvizenga. Mamwe anozova mweya, otambudza munhu wemukati. Tichaedza kutora chikamu ichocho, ndichasiya chikamu ichocho kuitira mangwana masikati, kana ndikakwanisa, apo munhu wemukati-mweya anouya, uye kuti sei zasi *kuno*.

49 Uye zvino, shamwari, handisi kutaura izvi kubva mune zvimwewo zvepfungwa. Ini ndashanda nemadhimoni kwemakore, uye imi munozviziva izvozvo. Deno bedzi maingoziva chinhu ichi, mushure mekunge shumiro yapera manheru, zvinoitika dzimwe nguva. Hamuzive. Rangarirai, paunouya uchipikisana nemweya, unofanira kuziva zvauri kutaura pamusoro pazvo. Usangomira ipapo zvino wongoenderera kudaro, nokuti hapana kana chakanaka chazvichaita. Asi apo chaizvo dhimoni parinofanirwa kukuteerera, iro rinozvicherechedza. Hazvisi zvekuti wadanidzira zvakakura sei, hazvisi zvekuti unoisa mafuta akawanda zvakadii. Ndeicho chiri shure kuno ndicho charinocherechedza, Zvokwadi. Jesu akangoti kwariri, "Buda."

50 Rangarirai, vadzidzi vakanga vachikava-kava nekumonyorora, uye vachiedza kuridzingira kunze, nezvimwe zvose. Vakati, "Ko sei tatadza kuridzingira kunze?"

Akati, “Nokuda, kwekusatenda kwenyu.”

51 Akati, “Buda maari.” Mukomana akadonha akagwinha zvakasimba kudarika zvaakamboita. Maona? Maona? Anocherechedza simba rehutongi.

52 Tarisai vakomana vaya zasi uko, marombe aye akaona Pauro achidzinga madhimoni. Vakati, “Isu tinogona kuita zvimwe chetezvo,” vamwe vanakomana vemuprisita. Saka vakadzikako zvino vakati, “Tinogona kudzinga madhimoni.” Mabasa 19. Vakaenda zasi kwaiva nemurume aibatwa netsviyo, zvino vakati, “Tinokuraira iwe, naJesu. Buda maari . . . ” Dhimoni rakati, “Zvino . . . ” “ . . . muZita raJesu, anoparidzwa naPauro!”

53 Dhimoni rakati, “Zvino, Jesu ndinomuziva uye Pauro ndinomuziva, asi ko imi ndimi vanaani?” Munoziva zvakaitika. Rakasvetukira pamurume, ndokubvarura nguo dzavo, uye vakabatwa netsviyo ivo pachavo, zvino vakamhanyira mumugwagwa.

54 Madhimoni mamwe chetewo anorarama nhasi, saka pane kupengereka kwakawanda. Ino ndiyo kereke, manheru ano. Pane kupengereka kwakawanda munyika nhasi uno, kunonzi kupodza kwaMwari, kunofanira kunyararidzwa. Ndizvo zvinounza kushorwa paChinhu chaicho. Ndosaka uri unotozorwisa zvakaomarara. Pane zvinhu zvakawanda zvinonzi chinamato, nhasi, zvinofanira kunyararidzwa. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Hapana chimwe kunze kwezvinamato zvakatsauka! Ndozvinoita kuti Kereke yechokwadi yaMwari ive nekurwisana kwakaomarara nazvo. Asi tiri America, munoona, ndiyo nzira yekuva. Mwari vakati gorosi nedasvemutasve nerukato zvinokura pamwe chete. Musaedza kuzvidzura. Regai zvikure pamwe chete, asi nezvibereko zvazvo munozviziva. Hapana zvibereko, sei, hapana Hupenyu, hapana chiripo ipapo.

55 Zvino, tarisai chizenga ichi. Ngatitii, somuenzaniso, senguva yakawanda, kenza tsvuku kazhinji inorova muchibereko chemukadzi, makakuvara memukadzi nezvimwe zvakadaro. Zvino iyeye, ngatitorei iyeye, muchinda iyeye todzika zasi zvino, pachizenga chake, iyi—iyi kenza. Zvino kenza . . .

56 Zvese zviri panyama zvinofananidzira zviri pamweya. Munozviziva here izvozvo? Zvese zviri panyama zvinofananidzira zviri pamweya, zvisinei.

57 Somuenzaniso, sezvizvi, kana—kana isu tazvarwa muMutumbi waKristu, pane zvinhu zvitatu zvazvinotora kuunza Kuberekwa kwedu. Uye ndizvo zvinhu zvitatu zvakabuda muhupenyu hwaKristu paAkafa. Kwakabva mumutumbi waKe, mvura, Ropa, Mweya. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Zvinhu zvitatu, ndizvo zvinhu zvatinopfuura nemazviri kana tabarwa patsva: kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino, zvose

zvinogona kuva muchiitiko chimwe chete. Asi zvinotora . . . Asi unogona kuva muchinhano chekururamiswa usina kucheneswa. Unogona kutenda muna Ishe Jesu Kristu asi ugoramba wakatakura tsvina yako newe. Asi unogona kunyatsorarama mune zvese zviri zviviri kururamiswa pamwe nehupenyu hutsvene hwakachena, asi usina Mweya Mutsvene. Munoona, Bhaibheri, Johane Wekutanga 5:7, yakati, "Kune vatatu vanopupura Kudenga, Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, uye . . . Baba, Shoko, neMweya Mutsvene," uyo aive Mwanakomana, "uye vatatu ava chinhu chimwe. Uye pane zvinhu zvitatu zvinopupura panyika, mvura, Ropa, neMweya, uye zvinobvumirana muhumwe." Kwete chimwe chete, asi zvinobvumirana muhumwe. Haugone kuva naBaba usina Mwanakomana; haugone kuva neMwanakomana usina Mweya Mutsvene, nokuti havapatsanurike, mumwe. Hutatu huri mune mumwe.

58 Handizvinzwe kwese kuno, asi munonzwa zvakawanda kwese munyika yose, chimwe chezvinhu zvikurusa mumapoka emaPentekosti, kuvhiringika mune chinhu chakareruka chimwe chete ichocho. Zvino ndakambounganidza vakuru vavo pamwe chete kuti ndivaratidze ivo vose vanotenda chinhu chimwe chete. Ndidhiyabhore ari pakati pavo, ndizvo zvoga. Dai kereke huru iyi yePentekosti yaizo- . . . yakandira pasi itwo twutsika, twekare uye vozvibatanidza pamwe chete mune Chechi yaMwari imwe chete yakaropafadzwa, kubvutwa kunobva kwauya. Asi chero bedzi Satani achigona kuvachengeta vakapatsanuka, ndizvo. Ndiyo nzira yake yaanozviita nayo. Uye vanotenda chaizvoizvo chinhu chimwe chete.

Mumwe anoti, "Zvakanaka, *izvi* ndizvo Zviya."

59 Ndikati, "Saka, kana *izvi* zviri Izvo, zvino Izvo ndizvo *izvi*." Saka hezvoka izvo. Saka, zvose chingori chinhu chimwe chete. Asi hezvoka, muhutatu wehutatu hwaMwari. Zvino, zvino, Mwari vari muhumwe hwaVo. Mwari Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Zvino, hatiti "vanamwari vedu," sevahedheni. Ndi "Mwari wedu." Maona? Hunhu hwakapetwa katatu hwaMwari.

60 Zvino cherechedzai, zvino, Satani ari muhutatuwo zvekare. Uye masimba ake ari muhutatu.

61 Zvino, asi cherechedzai ipapo apo mvura, Ropa neMweya zvinoburitsa Kubarwa patsva. Ndizvo here? Zvino tarisai. Ndizvo zvinomiririra Kubarwa patsva. Chii chinomiririra kubarwa kwepanyama Kubarwa patsva kusati kwauya? Kana . . . Imi vanaamai, kana mwana achinge azvarwa, chii chinhu chekutanga? Mvura. Chinotevera, ropa. Chinotevera, munoona, ndizvo zvinoumba hupenyu, munoona, zvinoumba munhu. Mvura, ropa, mweya.

62 Zvino, kenza, ngatishandei naye pane zvinotevera. Tinongori nemaminitsi angaita mashanu asara, ndinofungidzira. Pamaninitsi angaita mashanu anotevera, ngatimboshandai nekenza. Ndiani muchinda uyu? Anombomiririrei? Anodya zvakaora. Anomiririra gora, anodya zvinhu zvakafa. Zvino kenza inobva pakakuvadzwa, kazhinji kacho, pane chizenga chakarohwa uye chi—chikapamuka. Zvino kachizenga kadiki imomo kanobva kadzokera shure. Oo, iro ishoko rakakura kumuBaptisti, harisi here? Zvakanaka, asi chinodzokera shure, chizenga ichocho. Ndiri muBaptisti anotenda mukudzokera shure.

63 Mumwe munhu akati, zasi kuno mumusangano wekuArkansas rimwe zuva, akati, "Hama Branham," akati . . . Aiva mumwe wedu muNazarene. Aive apodzwa. Aive neake . . . Akaenda achifamba nemuguta, aine madondoro ake papfudzi rake. Akati, "Munoziva chii?" Akati, "Pandakatanga kuuya pano," akati, "nda—ndakakufunga kuti imi . . . ndakunzwai muchiparidza, ndakafunga kuti makanga muri muNazarene." Akati, "Saka ndaona kuti vanhu vakawanda ndevePentekosti, uye mumwe munhu akandiudza kuti muri muPentekosti. Uye zvino muri kuti muri muBaptisti." Ndokuti, "Ini handisi kuzvibata."

64 Ndikati, "Oo, zviri nyore." Ndikati, "Ndiri muPentekosti Nazarene Baptisti." Saka ndi—ndizvozvo. Zvakanaka. Kwete, tiri vamwe chete muna Kristu Jesu, kubudikidza neMweya Mutsvene unotiita vamwe. Ndizvozvo chaizvo.

65 Zvino, cherechedzai, kachizenga kadiki aka kanodzokera shure kana kachinge kakuvadzwa. Zvinotanga zvishoma. Zvimwe zvizenga zvidiki zvinomhanyiramo kupa hupenyu hwazvo imomo. Zvino ndiko kuuya kunoita hurwa muronda. Ndiwo masoja madiki ari kurwira hupenyu hwako. Anomhanyira ikoko uye—uye orova chepfu iyoyo, iwo masimba emadhimoni anenge anoedza—achiedza kunoungana imomo, uye achipira hupenyu hwawo. Ndizvo zvinoita . . . Ndizvo . . . Ingori boka retwumasoja twudiki twakafa, hurwa huye huri muropa rako . . . huri mu—muronda, twunopa hupenyu hwatwo kuponesa hwako.

66 Zvino, kana kachizenga kadiki kakarambwa imomo zvino dhimoni iri rinobva ratanga, rinotanga kukura, rinotanga kuwedzera zvizenga. Riri kuvaka mutumbi chaizvo sematangiro anoita vacheche venyu mumimba menyu, uye sezvawakaita uri muna amai vako. Chizenga pamusoro pechimwe chizenga, chizenga pamusoro pechimwe chizenga, chizenga, chero nzira, chero kupi; kungoti bedzi, hadzina kana chimiro sezvakaita munhu, zvakafanana nehunhu hwayo. Inongobva mune mumwe mweya. Inongokura chero nzira, uye yotanga chizenga pamusoro pechimwe chizenga, chizenga pamusoro pechimwe chizenga.

67 Uye zvino, chinhu chekutanga munoziva, unotanga kupera simba uye wotanga kurwara. Unoenda kuna chiremba zvino anokuongorora. Pamwe anogona kutadza kuiwana. Kana akaiwana, pamwe anogona kuicheka. Kana akagona kuicheka ichibva yese, zvakanaka, aiwana. Asi kana asingagone kuicheka ichibva yose, zvino kana iri pahuro kana pane imwe nzvimbo paisinganyatsogona kuchekwa yose ichibva, kachidimbu kadiki kamwe chete kayo kanoramba kachirarama. Munoona, nokuti hazvina kuita sekunge wacheka ruoko rwako uye zvobva zvatopera, kana zvimwewo, kana kuti wocheka uchibvisa . . . Zvandiri kureva, kana iwe ukacheka muviri, zvino wobva wasiya ruoko rwako ipapo, handiti, harugone kurarama. Asi—asi, munoona, iyo haina chimiro chehupenyu sechauinacho. Isimba remadhimoni riri kufamba.

68 Uye zvino cherechedzai, unoadaidza, chiremba anoidaidza kuti, "kenza." Mwari vanoidaidza kuti "dhimoni." Tarisai nhasi. Ivo vanongoiwana . . . Ko shoko rekuti *kenza* rakabva kupi? Rinobva kune . . . kubva mushoko rechiLatin rinoshandiswa mumatauriro ezvekurapa, zvichireva kuti "gakanje," gakanje ramunoona pamhenderekedzo dzegungwa, rine makumbo ese aya. Ndiyo nzira iyo—iyo yainoita nayo, inotambanuka, inopararira kunze. Shoko rokuti kenza igakanje. Zvino inopinda mukati zvino yogoramba yakabatirira uye ichisveta ropa painenge ichienda, kunge chipuka chemakumbo masere kana chimwe chinhu. Handiti, bundu, tsanga, nezvimwe zvirwere, chimwe nechimwe chazvo zvinobva pachizenga, uye chizenga ichocho chinofanira kuva mutumbi. Zvino chisati chava mutumbi, chinofanira kuva hupenyu. Chisati chagona kusika kana—kana kuva nehupenyu uye chogadzira zvizenga zvimwezve zvakawanda, chinofanira kunge chiri hupenyu. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvino, ko kenza iyoyo yakabva kupi? Ndiani, ko iyo yakambobvepi? Yakanga isiri pauri pano nguva yapfuura, asi zvino pamwe yava pauri. Ko yakambobvepi? Humwe hupenyu hwakasiyana nehupenyu hwako, huri kurarama mauri. Uye huri kutambudza, huchisveta hupenyu hwako. Ndicho chikonzero Jesu akaridaidza kuti "dhimoni."

69 Ivo vanodaidza tsviyo nhasi, vanoti, "tsviyo." Handiti, tsviyo, muBhaibheri, Jesu akaidaidza kuti "dhimoni." Apo pakauya murume nemukomana uya akawira pasi, ndokubuda furo pamuromo wake, nezvimwe zvose, akati, "Ane dhimoni, uye nguva dzakawanda rinomukandira mumoto, mumvura."

70 Zvino vakakwenenzvera zita rake uye ndokuridaidza kuti tsiyo, asi ringori dhimoni. Zvino Jesu akati, "Iwe dhimoni, buda mumwana!" Ndizvozvo chaizvo. Zvino, tsviyo inowanzokonzerwa nedambudziko reitsvo. Zvimwe unogona kupinda mune izvozvo pamberi zvishoma. Maona? Zvinokonzera tsviyo, kubva muchirwere cheitsvo.

71 Zvino, cherechedzai mune izvi, zvino chizenga ichocho chinogara ipapo, idhimoni. Riri kuvaka hupenyu; riri kukura, riri kuramba richikura nekukura. Rine basa rimwe chete rokuita, ndiro, kutora hupenyu hwako. Ndizvo izvo dhiyabhore akaritumira kuti riite, kugura mazuva ako kuti asasvike pamakumi manomwe.

72 Zvino, ndinopa kuremekedza kuna chiremba wese. Hongu, changamire. Zvose zvesainzi zvekurapa, Mwari ngaavaropafadze nerubatsiro rwavakaita kuvanhu. Ndizvo chaizvo. Ko waizoitei munyika ino nhasi zvisipo? Ndinotenda Mwari nesainzi yezvekurapa. Ndinotenda Mwari nemotokari yangu. Dai Mwari vasina kutendera sainzi kuti indigadzirire motokari, ndaizova nenguva yakaoma kufamba ndichiuya kuno. Nokuda kwemagetsi anovheneka, uye nokuda kwesipo yokuti ndigezese maoko angu nayo, uye nemushonga wemazino kuti ndikweshe mazino angu nawo, zvirokwazvo. NdinoMutenda nezvese, nokuti zvinhu zvose zvakanaka zvinobva kuna Mwari.

73 Asi regai ndikuudzei, hapana kana kadodzi kemushonga kakambopodza chirwere chipi zvacho. Uye hapana chiremba mumwe chete zvake, kusara kwekunge ari wenhema, asi chiremba wechokwadi anokuudza kuti havazviti vanopodza. Chaiko kwaMayo Brothers, vazhinji venyu. . . Ini ndakambova nehurukuro yokundibvunza ikoko, nguva dzingaita mbiri kana nhatu. Nezve varwere vaibva ikoko, vasingarapike. . . Makaverenga *Reader's Digest*, yakabuda muna Mbudzi? Vangani venyu vakaverenga yakabuda muna Mbudzi, iyo nyaya yangu imomo, mu *Reader's Digest*? Maona? Uye vakanga vaineni ikoko, vachibvunza nezvekacheche kavakanga vatadza kurapa. Ndokuti, "Hazvaigona kuitika." Asi Mweya Mutsvene wakataura neni ukandiudza kuti zvaizoitwa sei, uye zvikaitwa. Zvakanaka. Zvino, vakandidaidza kumusoro ikoko. Uye chaiko kumusoro kwemusuwo uko Jimmy nevamwe, Mayo yaimbovapo, pane chiratidzo chikuru chakanzi, "Isu hatizviti tiri vapodzi. Isu tinongoti tinobatsira zvemasikirwo. Pane Mupodzi mumwe chete, ndiye Mwari." Ndivo vepamusoro-soro pasi rose. Zvino, tine vashoma venhema, hongu. Ndizvozvo. Tine vaparidzi venhemawo, zvekare. Zvakanaka. Saka, izvozvo zvinoenda kumativi ose maviri.

74 Cherechedzai, asi munhu upi zvake anozviti mupodzi, iye mutauri wenyambo, nokuti haakwanise kuzviita. Nokuti Bhaibheri rakati, "Ndini Jehovha Anoregerera zvivi zvenyu zvose uye anopodza zvirwere zvenyu zvose."

75 Ndakamboenda kundonzvera. Zvino ndiri mukamuri yangu, izvo. . . vamwe vevanachiremba vepamusoro-soro munyika dzose vakauya. Hauzivi zviri seri kwehupenyu, shamwari, kuziva zvakamboitika, uye nezvinhu zvandisingatauri paruzhinji. Varume vanouya muchivande. Uye musafunge kuti hakuchina vana Nikodhimo vakawanda vachiri munyika; ichokwadi

ichocho, zviuru zvavo. Vanotarisa pane izvozvo uye vanouya mumusangano. Vogara ipapo vakapfeka T-shati, chimwe chinhu chakada kuita saizvozvo, nemazita akakwenenzverwa ekuti unoshamisika, vogara imomo mumusangano. Mumazuva mashoma vongoverevedza pano zvino vouya muchivande, uye vanotumira mumwe munhu kuzove nekukurukurirana. Uye voti iko zvino, voti, "Hama Branham, ndinotenda kuti Ndicho Chokwadi." Ivo vanhu vakaita sesu. Chokwadi. Zvino munhu wese anoshuvira kutarisa seri kwechidzitiro chitema chiye chiri mberi chaanofanira kuzopfuura nemachiri rimwe zuva.

76 Asi idzo kenza uye nezvinhu izvi madhimoni chaiwo akaiswa mumutumbi wenyama, achifamba, achitora hupenyu hwako.

77 Zvino, dai ndaiita sezvinoita chiremba, dai ndaigona kuicheka yobva, ndoiisa pasi . . . Kana, sezvakangoita, toti, semuenzaniso, iwe wanga uri kenza, pachako, panyika pano. Zvino, hekuno kupodza kwaMwari. Kana ini ndaida kukubvisa nenzira yavanachiremba, ini ndaingoramba . . . ndaifanira kukwiza mutumbi wako, kana chimwewo chinhu, kusvikira yose yangonyangarika kubva panyika. Iyo inenge ichisipo zvachose, sezvinongoita chiremba anobvisa bundu kubva pauri. Asi muchinhano chokupodza kwaMwari, kana dai wanga uri kenza, ndaingodana hupenyu hwako kubva mauri, uye waingoenderera mberi. Hupenyu hwako hwaingokusiya, asi mutumbi wako unenge uri pano chaizvo sezvawaive.

78 Zvino, ndipo apo kuona pamwe nenguva zviri muvengi waMwari akaipisisa kwazvo mukupodza kwaMwari. Handizivi kana Hama Baxter vakambosvika pazvinhu izvi mumisangano. Ndakagara pasi, ndikazvitsanangura izvozvo kwavari neHama Bosworth, ndikadzokorora ndadzokororazve. Asi izvi ndizvo zvaitika. Ndinopokana kana vanhu vazhinji vachizvibata, nokuti, mushure mechinguva, unotanga kuona vanhu vachidzoka, vachiti, "Ndakava nekupodzwa kwangu, Hama Branham, kwemazuva maviri kana matatu, asi, rumbidzai Mwari, kwa—kwakandisiya." Zvino ndinozviona, uye ndinofunga kuti imhaka yekuti havaronge musangano zvakanaka. Vanhu havanzwisise. Ndakave nevarume vachiuya kupuratifomu uye vasingaone zvachose, makenza, kana tsanga dziri pamaziso avo, uye voverenga Bhaibheri iri mushure mekunamatirwa, vofamba voenda zasi; mumazuva matatu kana mana vobva vangova bofu sezvavakanga vari pakutanga. Chii chakaitika? Munhu wese anozviziva izvozvo kuti kana hupenyu huchinge hwabuda munyama ipi zvayo, inosvava kwechinguva. Ndizvozvo here?

79 Pane munhu here, pano, akambouraya nondo, kana mombe, kana chimwewo chakadaro? Chokwadi. Zvakanaka. Woiyera huremu manheru ano, imi vavhimi kunze kuno, shamwari dzangu. Ukauraya nondo uye woyiisa pachikero, woudza vakomana kuti iri kurema zvakadii. Chenjera! Mangwanani

inenge iine mapaundi akaderera akawanda pane zvayakanga iri pakutanga. Kana munhu achinge afa, vanoviga vanhu vaye, chinhu chekutanga, vanobvisa mazino ekupfekera kana ziso, chero chiri chii imomo, vanochibvisa; nokuti, anosvava, zvinosundirwa kunze nokuti mutumbi wemunhu unosvava. Nyama imwe yose inosvava. Kana hupenyu huchinge hwabuda muchizenga, chinotanga kudzikira, kusvava. Chinozviita izvozvo kwemaawa anenge makumi manomwe nemaviri. Zvino ipapo chinotanga kufutunuka. Rega imbwa diki itsikwe, kunze kuno munzira. Rega ivate ipapo muzuva kwemazuva matatu, uye wotarisa kuti chii chinoitika. Inobva yava imbwa yakakura kupfuura zvayakanga iri pakutanga. Inofutunuka. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

80 Zvakanaka, ndicho chinhu chimwe chete chinoitika kana dhi—dhimoni richinge radzingwa kubva mumunhu anorwara. Mazuva mashoma ekutanga, "Oo, ndiri kunzwa zvakanakisa." Kubvapo anobva atanga kuti, "Ndi—ndiri kurwara kupfuura zvanda—zvandange ndichimboita. Ndarasikirwa nekupodzwa kwangu." Sekungobuditswa kwarakaitwa nekutenda, kusatenda kunoridzorera zvekare. Sekuurayiwa kwarakaitwa nekutenda, kusatenda kunorimutsa. Jesu akati, "Kana mweya wetsvina wabuda mumunhu, unoenda kunzvimbo dzakaoma zvino unozodzoka nemamwe madhimoni manomwe." Zvino kana muridzi wemusha akanaka asiri kumira ipapo achichengetedza suo iroro, iwo unongouya wopinda imomo. Zvino muridzi wemusha akanaka weimba yako ndiko kutenda kwako. Kunoti, "Gara kure!" Ndizvozvo.

81 Asi zvino chimbotarisa kumurwere apodzwa, kazhinji, kunze kwekunge chitori chishamiso chakatsauka. Izvowo, kupodza kwaMwari nechishamiso zvinhu zviviri zvakasiyana. Kupodza kwaMwari, chinhu chimwe chete; chishamiso ndechimwewo chinhu. Asi maitikiro amazuva ose ekupodza kwaMwari, kana mweya wetsvina ukadzingwa, dhimoni rekenza, kana rabva mumunhu, "Oo!" Zvino, kana kuti tichatora chimwe chinhu kuti muone zvakanyatsonaka, ndingati, tsanga. Chii chakaitika apo murume uya . . . Kana mukacherechedza bofu. Handizivi kana ndakambove naye pano kana kuti kwete, pari zvino, maziso ane tsanga. Ndinovaregedza vamire kwemaminitsi mashoma. Sei? Kuitira kuti kusvava kuye kutange kuitika. Wovaudza kuti vadzoke, vozotipa huchapupu. "Oo, ini zvangu!" Ivo vanogona kuona zvakaisvonaka. "Oo, ini zvangu! Kungoti, ndiri kuona zvinhu! Hongu! Ini . . . " Chii chiri kuitika? Hupenyu hwaenda; mutumbi wetsanga yacho uri kusvava. Saka, uchaita saizvozvo kwemazuva mashoma. Oti, "Oo, ndiri kupora zvakanaka kwazvo."

82 Zvino mushure mechinguva, vanotanga kutemwa nemusoro, havachanzwi zvakanyatsonaka. Akamuka mangwanani anotevera, "Ndave kurasikirwa nekuona kwangu zvakare."

83 Vamwe vavo vanoti, “Uh-huh, wangoita manyawi. Boka riya revaumburuki-vatsvene raita kuti ungoita manyawi.” Usazvitenda izvozvo! Inhema yadhiyabhore. Kana ukazvitenda izvozvo, unodzokera kuhupofu zvekare.

Asi kana iwe ukangoramba wakabatirira, woti, “Kwete. Ishe, ndinotenda.”

84 Zvino chii chinoitika? Mutumbi iwoyo unofutunuka kwenguva yakareba. Unovhara pamusoro pechinoona ichocho zvekare. Kenza iyoyo iri mumutumbi ichafutunuka. Iwe unotanga kurwadziwa uye nekudzimbikana zvekare. Ipapo ucharwara zvinotyisa, kurwara zvakanyanya. Sei? Bundu guru riya renyama yakafa iri mauri rakazorora imomo, rakafa.

85 Ukadzokera, chiremba zvino anoti, “Oo, hazvina maturo. Heyo kenza iripo ipapo. Ndiri kuiona.” Chokwadi, iripo, asi yakafa. Hareruya!

86 Zvino, kufambiswa kweropa kunofanira kuchenesa mutumbi. Nguva dzose mwoyo paunopomba, unokandira ropa mumuviri wose, zvino rinonhonga hutachiona ihwohwo. Chokwadi, zvinokuita kuti urware. Ko dai wange uine nhindi yenyama yakarembera mauri pane imwe nzvimbo, kana kuti yakareba senyoka, kana chimwe chinhu chakakura pauri chakaita semunwe wako, uye chakarembera imomo, uye chakafa, nyama zhinji kudai yakafa yakarembera mauri, uye ichiora? Saka, ndizvo chaizvo, kufambiswa kweropa kwako kunofanira kukuchengeta kwakachena, parinenge richipomba richipfuura. Asi pane mutumbi wakafa, chinhu chacho chakarembera ipapo, nokuda kwekuti hupenyu hwakabva machiri. Simba raMwari, kuburikidza nokutenda, kwaridzingira kunze. Iro idhimoni; rinofanira kubva.

87 Asi, chikonzero, vanhu havana kurayirwa. Ivo vanobva vachienda, vobva vakanda mapfumo pasi. Uye dhimoni rimwe chete iroro rimire ipapo, kuti ridzoke zvekare. Kana Mwari vakakutaurira chero chinhu papuratifomu ino, kubudikidza neMweya waKe, pari pasi pekufemera, usazvipokana izvozvo, kana kuti chinhu chakaipisisa chinouya pauri, Iye akadaro. Nokuti Jesu akati, “Chinhano chekupedzisira chemunhu iyeye chinenge chashata zvakapetwa kanomwe kupfuurira zvachakambenge chiri pakutanga.” Ndizvo here? Kana mweya wetsvina wabva mumunhu, unofamba-famba kunzvimbo dzakaoma, wozodzoka nemamwe madhimoni manomwe. Saka, usarega kutenda. Gara chaizvo naZvo. Revesa, kubva mumwoyo mako. Iti, “Kwete, changamire! Handisi kuzozungunutswa! Zvisinei nokuti ndarwara sei, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo.” Zvino, chinhu chekutanga unoziva, unonge wave kunyatsocheneswa. Zvinhu zvese zvinobva zvanaka ipapo. Munoona, rakafa. Ku—kuvhiyiwa uko chiremba kwaaifanira

kubvisa pauri, bundu rimwe chete iroro rakazororа mauri, risina hupenyu mariri.

88 Unoti, "Hupenyu huri mariri, Hama Branham, ringatore hupenyu hwangu here?" Kwete, changamire. Hupenyu ihwohwo hupenyu hwakapatsanuka kubva kune hwako. Ndangokuratidzai kuti uri hupenyu zvino wozova munhu, uye iro hupenyu uye rinozova chinhu chinorarama; zvino uri hwaMwari, uye ihwo ndehwadhiyabhore. Munoona zvandiri kureva? Zvemadhimoni. Zvino, unofanira kuona kuti chinhu ichocho chinotaridzika sei paunomira uye wochitarisa.

89 Oo, ini zvangu, ndine hurombo, dzava kuda kusvika three-thirty. Ndine hurombo. Tarisai, shamwari. Oo, ndizvo zvinodiwa nenyika ino!

90 Ndanga ndiri kwemakore anenge manomwe, ndichidzidzisa muAmerica mose, ndichiita shumiro dzekupodza vanorwara idzi. Ini ndangova nemanzwiro akanaka ekuti nditange kudzokera munyika mose, ndichidzidzisa Bhaibheri, uye nezvamadhimoni, kuti vanhu vanganzwisisa sei zvokuita. Uye ndicho chikonzero, vachienda kumisangano iyi, nguva zhinji, uye, shamwari. . . Kana iwe usinganzwisise, vanhu vanobuda, uye kazhinji. . .

Zvino, mucharangarira here muchinda uya akauya uye akati akanga aine chipo chekupodza kwaMwari? Chipo chekupodza kwaMwari chakanga chiri mauri kana wakapodzwa. Ndiwe, ndiwe wacho. Chipo chose chinoshanda nekutenda. Uye zvisinei kuti chipo chakadii chekupodza kwaMwari chandinacho, ndinozvitenda nemwoyo wangu wese, asi unogona kumira pano uye, kana usina mhando imwe chete yokutenda, hazvina zvakanaka zvazvinokuitira. Ndinogona kukunamatira, kwemaawa uye nemavhiki nemwedzi. Havasi vaparidzi vane kupodza kwaMwari. Iwe ndiwe une chipo chekupodza kwaMwari, unotenda mukupodzwa, nokuti ndezvekutenda. Nekutenda! Mashandiro ose aMwari ndeekutenda.

91 Nhumbi dzese dzekurwa nadzo dzaMwari ndedzekutenda. Hatina chinhu chimwe chete chepanyama chenyika ino. Zvinhu zvose zveche—chechi yeChikristu chiito chekutenda. Tarisa kunhumbi dzokurwa nadzo dzaMwari, rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, kunaka, hunyoro, mwoyo munyoro, kutsungirira. Ndizvo here? Zvose ndezvemweya, hapana zvepanyama. Saka hatitarise kune zvinhu zvepanyama, nokuti tiri kushanda tiri mune zvepamweya. Uye patinongogona kuti zvizembere, ndepakutenda, pane zvakataurwa naMwari kuti iChokwadi, uye tinotarisa kune Zvisingaonekwi. Zvino isu tinodaidza zvinhu izvozvo zvisipo, sekunge zviripo; sezvakaitwa naAbrahama, uye akazviwana. Amen! Abrahama akadana zvinhu izvozvo zvakanga zvisipo, sezvakaitwa naMwari,

sekunge zvaivepo. Aine zana remakore okuberekwa, haana kudzadzarika pavimbiso yaMwari kuburikidza nekusatenda.

92 Ndinogona kungofungidzira izvozvo, haungadarowo? Kuona Sara amuka rimwe remangwanani. Mwari vakati, "Abrahama!" Vakati, "Abrahama, uchava nemwana."

93 Sara akamuka. Akati, "Unonzwa sei, Sara?" Ino iungano yevanhu vakasangana, asi teererai.

"Hapana musiyano."

94 "Zvakanaka, kubwinya kuna Mwari, tichava naye! Enda unotora manapukeni nezvipeneti, nezvimwe zvose. Gadzirira."

Zvakanaka, mumwe mwedzi wakapfuura. "Sara, uri kunzwa sei?"

"Hapana musiyano."

Gore ndokupfuura. "Sara, zvava papi?"

"Hapana musiyano."

Makore gumi ndokupfuura. "Hapana musiyano."

Makore makumi maviri nemashanu ndokupfuura. "Hapana musiyano."

95 Abrahama, kunze kwekuti apere simba, akawedzera kusimba uye achisimba. Akazviziva kuti zvaizove chishamiso chakatowedzera nguva dzose, nokuti akatenda Mwari, uye haana kudzadzarika pavimbiso yaMwari kuburikidza nekusatenda. Akati, "Tichava naye!" Zvino mamwe mangwanani nhumbu yaSara yakatanga kufutunuka, zvino Isaka mudiki akazvarwa, nokuti Abrahama akatenda Mwari. Uye akatarisa kune zvinhu, uye akatora zvinhu izvozvo zvakange zvisipo sekunge zviripo.

96 Kwete nemanzwiro, kwete nekuona. Haufambe nemanzwiro kana nekuona. Ndezvekubudikidza nekutenda. Uye kana Mwari vachinge vataura chimwe chinhu, voti, "Chero chipi chinhu chaunokumbira, kana iwe ukanamata, tenda kuti unochigamuchira," zvino batirira pachiri. Mwari vakataura kudaro, zvichaitika saizvozvo! Ameni. Madhimoni!

> Kutenda muna Baba, kutenda muMwanakomana,
> Kutenda muMweya Mutsvene, vatatu mune Mumwe;
> Madhimoni anodedera uye vatadzi vanomuka;
> Kutenda muna Jehovah kunoita kuti chero chinhu chizunguzike.

Ndizvozvo. Oo, ini zvangu! Zvirokwazvo ndizvo. Iva nokutenda muna Mwari. Tarisa kwaAri. Usatsukunyuke. Gara ipapo chaipo. Mwari akataura kudaro!

97 Uye, madhimoni, ambori chii? Mweya ine mitumbi. Zvino, chi—chiremba anoti, "Une kenza. Une TB. Une tsanga. Une

chirwere chemapapu. Une *izvi*." Idhimoni. Hupenyu, uye seri kwehupenyu ihwohwo kune mweya. Vangani vanoziva uye vanogona kuona kuti kenza, tsanga, ine—ine . . . Utori mweya, une—une hupenyu mauri. Zvakanaka, hapana chinhu chinogona kuva nehupenyu chisina mweya, munoona, saka panofanira kuva nehupenyu kuti ushande, pane imwe nzvimbo.

98 Kunyangwe muti uyo uri apo une hupenyu mahuri. Sainzi dzose dziri munyika hadzikwanise kugadzira shizha rimwe chete reuswa. Manga muchizviziva here izvozvo? Vanogadzira chimwe chinhu chakafanana naro, asi havakwanisi kuwana marongerwo ehupenyu. NdiMwari. Maona? Jesu akati kumuti, "Watukwa iwe. Hauna kana muchero, uye hauzombofe wakaita mumwe." Vakadzoka vachipfuura nepo ipapo. Dzaiita sokunge eight o'clock mangwanani iwayo. Vakazopfuurazve sokunge kuma eleven o'clock, apo vaienda kuti vawane kudya kwamasikati. Petro akati, "Honai muti uya, wafa kubva kumidzi zvichikwira." Sei? Jesu akatsiura hupenyu hwakange huri mumuti iwoyo, hwakange huri mumidzi, zvino wose wakabva wafa. Hareruya!

99 Kristu mumwe chete iyeye anogona kutsiura kenza kubva kumidzi, zvino yobva yafa yose. Muti iwoyo wanga wakamira ipapo sezvawakangogara uri, maawa ekumashure kwacho, asi munoona kuti mashizha ndokutanga kudonha, uye negwati remuti ndokutanga kukwatanuka. Uye . . . Ndokutanga kupera, zuva nezuva, uye svondo nesvondo, uye mushure mechinguva hapana kuzombova kana kachidimbu kemuti iwoyo kakasara. Hareruya! Kenza, bundu, tsanga, kana chero chimwe hacho, chinofanirwa kuenda kana Kristu ataura. Akadzinga madhimoni. Uye Iye akati, "MuZita raNgu vachadzinga madhimoni, votaura nendimi itsva, vachabata nyoka, kana kunwa zvinouraya, hazvivakuvadze. Kana vakaturika maoko avo pane vanorwara, vachapora."

100 MunoMuda here? Ndine hurombo ndakuchengetai kweawa pano masikati ano, makagara pano. Munoda Ishe here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Chii chichaitika iko zvino? Kana ukagamuchira Kristu semupodzi wako, uye wotenda mumwoyo mako kuti chimwe chinhu chaitika kwauri, uye wotenda kuti wapodzwa, uchatenda here kuti wapodzwa? Usarega dhiyabhore achinamira chimwe chinhu pauri. Ingoenderera mberi.

"Chiremba," woti—woti, "chiremba, zviri kutaridzika sei?"

Akati, "Inga, ichiripo."

101 Mumwoyo mako unoziva, unoziva zvakaitika. Huh! Chinhu chekutanga unoziva, anoti, "Nhai, handizivi kuti chii chakaitika kune chinhu chiya?"

102 Zvino iti, "Tarisai, chiremba, ndichakuudzai. Hezvino zvakaitika, Jesu Kristu akandipodza. Ndizvozvo. Jesu Kristu akandipodza."

103 Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana. Hama Willett, mungauyawo kuno here kweminiti, hama?

104 Zvino, Baba veKudenga, tinotenda nekuda kweRopa raKristu. Uye kuti pamwe dzimwe nguva muranda Wenyu, Ishe, haashandise huchenjeri, mukutaura nguva yakareba kudai. Asi ini pamwe ndinogona kunzwa saPauro, akaparidza husiku hwose mamwe manheru. Mumwe muchinda mudiki akadonha nepahwindo uye akafa. Zvino muapostora iyeye, aine Shoko raMwari muhupenyu hwake, akaenda uye akaradzika mutumbi wake pamusoro pemukomana, hupenyu hwakadzoka maari uye akararama zvakare.

105 Mwari Anodikanwa, ndinocherechedza kuti kudoka kwezuva rebudiriro huru yehungwaru ino zvino rava kunyura, nguva yafamba kwazvo, pakati pezuva padarika, mimvuri yemanheru iri kudonha. Chiedza chikuru chiri kupamuka kubva muHumambo hwaMwari, kutora nzvimbo yacho parima guru iri riri kuuya panyika. Mwari, ndinocherechedza kuti ndiri kuramba ndichichembera mazuva ose. Regai ndiende, Ishe. Ndipei simba. Ndibatsirei kuti nditaure Zvokwadi huru iyi kwese-kwese. Tibatsireiwo, mangwana masikati, kuti tigonzwisisa zvimwezve zvakawanda.

106 Uye, Mwari vanodikanwa, ropafadzai ungano diki iyi masikati ano. Manheru ano, pavanoungana mukati kuitira shumiro yekupodzwa, dai murume wese nemudzimai wese vasvika mumwe kune mumwe uye vogotanga kutaura, uye vachiti, "Zvino, hezvino . . . usa—usave nekumwezve kupokana zvekare. Tinonzwisisa kwazvinobva zvino. Tinoziva kuti idhimoni. Uye tinoziva kuti kana richienda, rinofanira kuuya pakuraira kwaMwari. Rinofanira kudaro. Mwari vakatozvitaura kare. Rinofanira kuenda." Zvino, dai vabuda kunze, vachifara, vachipembera, vachitora kupodzwa kwavo. Hapana, ngapasava nechinomira munzira yavo, zvachose; vongoenda, vachitenda.

107 Zvino, Mwari, dai kereke diki iyi pano, uye nemachechi aya ari mukubatirana pamwe chete, vava nerumutsiriro mushure memusangano uno, Ishe, urwo rwuchaitakura nemo, uye mazana akawanda emweya yaunzwa kuHumambo hwaMwari. Zviiteiwo, Baba. Dai varume nemadzimai vari pano, vabva munyika dzose uye nekune dzimwe nzvimbo, dai vatora Mharidzo vodzokera nayo kumakereke avo, uye dai vawana rumutsiriro rwechinyakare. Zviiteiwo, Ishe. Regereraiwo zvivi zvedu iko zvino. Tibatsirei kuva varanda veNyu. MuZita raJesu Kristu. Ameni.

108 Handingazivi, apo makagara pano, pane here mutadzi muchivakwa nhasi, anoti, "Hama Branham, ndirangarireiwo mumunamato"? Ungadaro here, ungasimudza ruoko rwako here? Pane here munhu mutadzi? Handisi . . . Mwari akuropafadze, mudzimai. Pane here? Mwari akuropafadzei, changamire. Imi,

nemi, nemi, Mwari akuropafadzei. Hameno kana imi . . . Zvino, izvi zviri kwamuri.

109 Munoona, ini handitendi mukudzokera muungano. Handitsoropodze vamwe vanozviita. Handitende mukuenda muungano uye ndoedza kudhonza umwe munhu. Maona? "Hakuna munhu anogona kuuya, kunze kwaBaba Vanenge vamudhonza." Maona? Ndizvozvo. Unongomudhonzera kumusoro ikoko zvichipesana nekuda kwake. Maona? Asi kana Mwari vakagogodza pamwoyo wako, uri munhu ane rombo rakakurisa kwazvo munyika. Hamunyatsoziva kuti vanhu vangani vandakambotaura navo.

Zvemadhimoni — Muchiyero Chezvinobatika SHO53-0608A
(Demonology — Physical Realm)
Mharidzo Dzakatevedzana DzeZvemadhimoni

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Muvhuro manheru, Chikumi 8, 1953, paRoberts Park Amphitheater muConnersville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org